Netwaye Men Fè Prevansyon Enfeksyon epi Sove Lavi

PROJECT FIRSTLINE



Antanke anplwaye EVS, èske w konnen kilè pou w netwaye men w yo?

- ✓ Avan w touche nenpòt bagay nan chanm pasyan an
- ✓ Avan w touche charyo EVS la oswa nouvo materyèl pandan w ap netwaye
- ✓ Lè w ap soti nan yon travay sal pou ale nan yon travay pwòp
- ✓ Lè sa vizib ke men w sal
- ✓ Imedyatman apre w fin retire gan yo

Èske w konnen kilè pou w retire gan w yo?

- ✓ Avan w lave men w
- ✓ Avan w kite yon chanm
- ✓ Lè w ap soti nan yon travay sal pou ale nan yon travay pwòp
- ✓ Lè sa vizib ke gan yo sal
- ✓ Lè gan yo andomaje

Aprann Plis

Jèm ap Viv sou Po a: https://bit.ly/4ioJfd3

Kontwòl Enfeksyon nan Swen Sante: Yon Apèsi: https://bit.ly/43Qaf1v

www.cdc.gov/ProjectFirstline

CDC U.S. CENTERS FOR DISEASE CONTROL AND PREVENTION

Gid Diskisyon Mikwo-Aprantisaj:

Netwaye Men pou Sèvis Anviwònman (EVS)

Prepare:

Travayè sèvis anviwònmantal yo (EVS) se premye liy defans nan kanpe move jèm pou yo pa pwopaje nan anviwònman swen sante a. Netwaye men se fason senp ak efikas pou anpeche pwopagasyon jèm yo. Ofiramezi w ap prezante enfòmasyon annapre a, ofri egzanp enpòtan bay ekip ou a ak nenpòt direktiv espesifik ak etablisman w lan ki genyen rapò ak sijè sa a.

Pataje enfòmasyon kle:

- Netwaye men enpòtan anpil pou kanpe pwopagasyon jèm, fè prevansyon enfeksyon, ak sove lavi.
  - Sèvi ak dezenfektan pou men ki fèt ak alkòl (ABHS) oswa savon ak dlo se tou de fason efikas pou tiye jèm ki nan men w yo.
- Anjeneral, ou ta dwe itilize ABHS pou netwaye men w yo paske li travay pi byen pase savon ak dlo epi li kapab lakoz mwens domaj nan po w.
  - ABHS pa kapab fizikman retire pousyè, salte ak sibstans kò a, donk lè w kapab wè bagay nan men w, ou ta dwe lave men w ak dlo ak savon.
    - **Nòt fasilitatè a:** Diskite sou lòt okazyon kote lave men ak dlo ak savan gendwa preferab (egz. apre w soti nan twalèt).
- Gan yon tou pwoteje men w kont jèm puiske yo pwoteje po w kont sa w ap touche, epi yo kite w retire jèm yo lè w retire gan yo.
  - Mete gan nenpòt lè men w gendwa touche san oswa lòt likid ki soti nan kò yon moun.
  - Nou sèvi ak gan tou pou kèk kalite jèm, tankou C. difficile, lè nou vle espesyalman pran prekosyon pou nou pa simaye yo bay lòt moun oswa lòt kote.
- Menm si gan kapab ede anpeche jèm yo pwopaje, yo pa kapab ranplase netwayaj men w yo.
  - Gan yo gendwa pwopaje jèm sou sifas ak bay pasyan yo.
  - Jèm yo kapab simaye nan men w yo tou lè w ap retire gan yo.
- Ou pa ta dwe sèvi ak ABHS pandan w genyen gan nan men w paske li gendwa andomaje gan w yo epi anpeche yo pwoteje men w yo.

(l ap kontinye)

Gid Diskisyon Mikwo-Aprantisaj:

Netwaye Men pou Sèvis Anviwònman (EVS)

Kilè pou w netwaye men w:

- Avan w touche nenpòt bagay nan chanm yon pasyan
- Avan w touche charyo EVS la oswa nouvo materyèl pandan w ap netwaye
- Lè w ap soti nan yon travay sal pou ale nan yon travay pwòp
  - **Nòt fasilitatè a:** Diskite sou egzanp travay sal (egz., mete fatra deyò) ak travay netwayaj (egz. netwaye ak dezenfekte sifas yo).
- Lè li parèt vizib ke men w sal
- Imedyatman apre w fin retire gan yo

Kilè pou w retire gan yo:

- Avan w lave men w
- Avan w kite yon chanm
- Lè w ap soti nan yon travay sal pou ale nan yon travay pwòp
- Lè sa vizib ke gan yo sal
- Lè gan yo andomaje

Ranfòse pwen kle yo:

- Netwaye men w nan fason apwopriye a ak nan bon moman an enpòtan anpil pou fè prevansyon pou move jèm pa simaye ba ou, pasyan, ak lòt espas swen sante a.
- Gan yon pa ranplasman pou netwaye men w yo.

Mikwo-Aprantisaj EVS: Esansyèl pou Kontwòl Enfeksyon

PROJECT FIRSTLINE

Gid Itilizatè a



Konsènan Mikwo-Aprantisaj EVS

Travayè sèvis anviwònman (EVS) se manm enpòtan nan ekip sante a epi yo jwe yon gwo wòl nan kanpe pwopagasyon jèm nan sante Pwojè Mikwo-Aprantisaj Firstline: Esansyèl pou Kontwòl Enfeksyon se yon seri diskisyon gide k ap ofri opòtinite edikasyon tou kout nan travay la sou sijè enpòtan konsènan enfeksyon nan travay EVS.

Itilizasyon Mikwo-Aprantisaj EVS

Mikwo-aprantisaj la gendwa enkòpore nan opòtinite kote travayè EVS yo reyini, tankou "rasanbleman" oswa reyinyon ekip anvan peryòd travay. Se yon manm ekip ki genyen eksperyans nan ekspètiz espesifik kontwòl enfeksyon EVS ki dwe dirije oswa fasilite reyinyon an.

Chak pake mikwo-aprantisaj EVS genyen ladann yon gid diskisyon ki kapab adapte pou fasilitatè ak yon èd travay. N ap ankouraje fasilitatè yo pou revize avan yo prezante.

Gid Diskisyon. Gid diskisyon an pa yon eskrip. N ap ankouraje fasilitatè yo pou adapte gid la pou piblik yo, pou sa y ap enkòpore kesyon ak lide enpòtan ak pratik ladann. Pa egzanp, fasilitatè yo kapab konekte kontni a ak responsablite travay piblik la, ka oswa pwoblèm ki konsène etablisman an, resous ak pwen kontak, ak lòt enfòmasyon.

Èd Travay. Dokiman yon paj, èd travay vizyèl pou ede ranfòse mesaj kle mikwo-aprantisaj la. N ap ankouraje fasilitatè yo pou rann èd travay la disponib apre sesyon mikwo-aprantisaj la sou fòm dijital oswa kopi di.

Sèvi ak kòd QR la pou bay fidbak sou fòmasyon sa a.